

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi Panalungtikan

Lokasi dina ieu panalungtikan nya éta di wilayah Kecamatan Cisitu, Kabupatén Sumedang.

3.1.1. Lokasi Géografis

Sacara *administratif*, Kecamatan Cisitu nya éta salasahiji kacamatan nu aya di wilayah Kabupatén Sumedang. Legana wilayah Kecamatan Cisitu 3,50 % tina lega wilayah Kabupatén Sumedang, nya éta 5.331 Ha, saperti katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3.1 Lega Wilayah Dumasar Kecamatan di Kab. Sumedang

No.	Kecamatan	Luas Wilayah (Ha)	No.	Kecamatan	Luas Wilayah (Ha)
1	2	3	4	5	6
1.	Jatinangor	2.620	14.	Wado	7.642
2.	Cimanggung	4.076	15.	Jatinunggal	6.149
3.	Tanjungsari	3.562	16.	Jatigedé	11.197
4.	Sukasari	4.712	17.	Tomo	6.626
5.	Pamulihan	5.785	18.	Ujungjaya	8.056
6.	Rancakalong	5.228	19.	Conggéang	10.531
7.	Sumedang Selatan	11.737	20.	Paséh	3.437
8.	Sumedang Utara	2.826	21.	Cimalaka	4.161
9.	Ganéas	2.136	22.	Cisarua	1.892
10.	Situraja	5.403	23.	Tanjungkerta	4.014
11.	Cisitu	5.331	24.	Tanjungmedar	6.514
12.	Darmaraja	5.494	25.	Buahdua	13.137

13.	Cibugel	4.880	26.	Surian	5.047
-----	---------	-------	-----	--------	-------

(Sumber: Pemerintah Kabupatén Sumedang, 2009)

Wates wilayah Kacamatan Cisitu, diwincik saperti ieu di handap.

- 1) Beulah kalér ngawates jeung Kacamatan Tomo;
- 2) Beulah kulon ngawates jeung Kacamatan Situraja;
- 3) Beulah kidul ngawates jeung Kacamatan Cibugel;
- 4) Beulah wétan ngawates jeung dua kacamatan, nya éta Kacamatan Darmaraja jeung Kacamatan Jatigedé.

Jumlah désa di Kacamatan Cisitu aya 10 désa, nya éta:




- 1) Désa Cilopang,
- 2) Désa Pajagan,
- 3) Désa Ranjéng,
- 4) Désa Cigitung,
- 5) Désa Cisitu,
- 6) Désa Situmekar,
- 7) Désa Sundamekar,
- 8) Désa Linggajaya,
- 9) Désa Cinangsi, jeung
- 10) Désa Cimarga.

3.1.2. Sumber Data

Sumber data atawa sumber *informasi* dina ieu panalungtikan nya éta para sesepuh atawa tokoh masarakat anu masih ngagunakeun atawa apal kana mantra. Anu dijadikeun datana nya éta mantra-mantra tatanén anu masih digunakeun atawa kungsi digunakeun di sababaraha désa di wilayah Kacamatan Cisitu.

Narasumber anu jadi sumber informasi dina ieu panalungtikan aya genep narasumber. Désa anu dijadikeun tempat panalungtikan dina ieu panalungtikan aya tilu désa, nya éta Désa Cigitung, Désa Cisitu, jeung Désa Linggajaya. Ti éta tilu désa aya lima dusun anu dijadikeun tempat panalungtikan. Sangkan leuwih écés, *Informan* dina ieu panalungtikan diwincik dina ieu tabél di handap.




Tabél 3.2 Narasumber (Informan) dina Panalungtikan

No.	Wasta	Foto	Jenis Kelamin	Tempat, Ping Gumelar	Padumukan	Pakasaban	Nomer Mantra
1	Mien Kelaswara		P	Sumedang, 01 Agustus 1935	Dsn. Gorowong RT. 02/ RW. 04 Désa Cisitu Kec. Cisitu Kab.Sumedang	Pensiunan PNS (salaku sesepuh, sok jadi tempat tatamba)	01, 02, 03, 04, 05, 06, 07, 08, 09, 10, 11, 12, 13, 14, 15, 16, 17, 18, 19, 20, 21, 22, 23, 24, 25, 26, 27, 28, 29, 30, 31, 32, 33, 34, 35, 36, 37, 38, 39, 40, 41, 42, 43, 44, 45, 46, 47, 48, 49, 50, 51, 52, 53, 54, jeung 55
2	Walhi		L	Sumedang, 10 April 1932	Dsn. Cipeuteuy RT. 01/ RW. 06 Désa Cisitu Kec. Cisitu Kab. Sumedang	Patani (salaku sesepuh, jadi tempat tatamba)	56, 57, 58, 59, 60, 61, 62, 63, 64, jeung 65
3	Suhanta		L	Sumedang, 16 Mei 1951	Dsn. Saronggé RT. 04/ RW. 06 Désa Cigitung Kec. Cisitu Kab. Sumedang	Patani (sok jadi tempat tatamba)	66, 67, 68, 69, 70, 71, jeung 72

NÉNDÉN INTAN PRAMANIK, 2014.

INVÉNTARISASI PUISI MANTRA TATANÉN DI KACAMATAN CISITU KABUPATÉN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

No.	Wasta	Foto	Jenis Kelamin	Tempat, Ping Gumelar	Padumukan	Pakasaban	Nomer Mantra
4	Émé Tarma		L	Sumedang, 03 Désémber 1943	Dsn. Jumlung RT. 02 RW. 05 Désa Cigitung Kec. Cisitu Kab. Sumedang	Patani (salaku sesepuh)	73, 74, 75, jeung 76
5	Éti		P	Sumedang, 31 Désémber 1950	Dsn. Jumlung RT. 02/ RW. 05 Désa Cigitung Kec. Cisitu Kab. Sumedang	Patani	77, 78, 79, jeung 80
6	Momo Durahman		L	Sumedang, 17 Agustus 1947	Dsn. Bakom RT. 01/ RW. 07 Désa Linggajaya Kac. Cisitu Kab. Sumedang	Patani, mantan kapala dusun (sok jadi tempat tatamba)	81, 82, 83, 84, 85, 86, 87, 88, 89, 90, 91, 92, jeung 93

Katerangan: nomer mantra dumasar kana urutan panalungtik meunangkeun éta mantra jeung nuduhkeun jumlah mantra nu diinventarisasi dina ieu panalungtikan.

NÉNDÉN INTAN PRAMANIK, 2014.


INVÉNTARISASI PUISI MANTRA TATANÉN DI KACAMATAN CISITU KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

3.2 Désain Panalungtikan

Désain anu dipaké dina ieu panalungtikan nya éta désain panalungtikan *kualitatif*, nu sipatna *déskriptif*, umum, *fléksibel*, mekar jeung muncul dina prosés panalungtikan (Sugiyono, 2012, kc. 14). Éta désain panalungtikan sangkan leuwih jéntré dipidangkeun dina wangun bagan ieu di handap.

Bagan 3.1 Désain Panalungtikan



3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan nya éta cara ilmiah pikeun nyangking data kalayan tujuan jeung kagunaan nu tangtu (Sugiyono, 2012, kc. 2). Méthode panalungtikan nya éta cara ngungkulan masalah panalungtikan nu dilaksanakeun sacara terencana kalawan taliti pikeun nyangking *fakta* jeung kacindekan sangkan bisa

maham, ngajéntrékeun, ngaramalkeun, jeung ngatur kaayaan. Méthode disebut ogé cara pikeun maham sarta neuleuman objék nu jadi sasaran panalungtikan (Syamsuddin jeung Damaianti, 2007, kc. 14).

Ieu panalungtikan mangrupa panalungtikan *kualitatif*. Nurutkeun Strauss & Corbin dina Syamsuddin jeung Damaianti (2007, kc. 73), panalungtikan *kualitatif* nya éta panalungtikan anu data-data hasil panalungtikanana teu dumasar kana prosedur statistik atawa wangun itungan séjénna. Nurutkeun Sugiyono (2012, kc. 14-15), dina panalungtikan *kualitatif* panalungtik biasana ilubiung di lapangan sarta nyatet kalayan taliti data nu aya di lapangan tur nyieun laporan panalungtikan sacara détail. Nurutkeun Bogdan and Biklen dina Sugiyono (2012, kc. 13), panalungtikan *kualitatif* dilaksanakeun dina kondisi nu alamiah, langsung ka sumber data tur panalungtik salaku instrumén utama. Data anu kacangking dina panalungtikan *kualitatif* sifatna *deskriptif* dina wangun kekecapan (boh lisan boh tinulis) atawa gambar. Ku kituna, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta métode *déskriptif*.

Métode *déskriptif* nya éta salasahiji métode ngumpulkeun data pikeun méré gambaran, nandeskeun hiji konsép atawa gejala, ogé ngajawab pertanyaan-pertanyaan anu patali langsung jeung subjék panalungtikan (Darmadi, 2011, kc. 7). Nurutkeun Syamsuddin jeung Damaianti (2007, kc. 24), tujuan panalungtikan *déskriptif* diwatesanan pikeun ngagambarkeun *karateristik* hiji hal sakumaha ayana. Dina ieu panalungtikan métode *déskriptif* dipaké pikeun ngadéskripsikeun puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang, anu satuluyna disusun pikeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda.

3.4 Wangenan Operasional

Sangkan ieu panalungtikan puguh maksud jeung udaganana, istilah-istilah anu aya patalina jeung ieu panalungtikan ditataan saperti ieu di handap.

- 1) Invéntarisasi nya éta kagiatan nyatet atawa ngumpulkeun data ngeunaan hiji hal. Dina ieu panalungtikan data anu diinvéntarisasi nya éta puisi-puisi mantra

anu sumebar di masarakat Kacamatan Cisitu anu masih jeung kungsi dipaké dina tatanén.

- 2) Puisi mantra nya éta wangun puisi buhun anu dianggap miboga kakuatan magis ku masarakat nu makéna, tur dipaké di kalangan masarakat nu tangtu dina hirup kumbuhna, sarta mangrupa tradisi lisan nu raket patalina jeung kapercayaan. Puisi mantra anu dimaksud dina ieu panalungtikan puisi mantra anu husus dipaké dina tatanén.
- 3) Tatanén nya éta tatanian. Ari kecap tatanian asalna tina kecap tani anu miboga harti molah taneuh, migawé kebon, atawa sawah (Danadibrata, 2009, kc. 679).
- 4) Bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda nya éta salasihiji komponén dina kurikulum anu mangrupa matéri nu dipidangkeun ku guru pikeun ditepikeun ka siswa, dina mata pelajaran basa jeung sastra Sunda. Bahan pangajaran nu disusun tina ieu hasil panalungtikan dumasar kana KIKD Kurikulum 2013.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan nya éta alat anu digunakeun pikeun ngukur *fénoména* alam atawa sosial nu ditalungtik (Sugiyono, 2012, kc. 102). Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta pedoman wawancara, *handphone*, jeung kaméra.

1) Pedoman Wawancara

Pedoman wawancara digunakeun pikeun nyangking jawaban lisan ti narasumber dumasar kana pertanyaan anu ditanyakeun. Dina pedoman wawancara biasana ngawengku idéntitas narasumber (réspondén) sarta poko-poko pertanyaan pikeun nyangking *informasi* ngeunaan objék nu ditalungtik, nya éta puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu, anu satuluyna disusun jadi bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda. Poko-poko pertanyaan mangrupa gurat badagna wungkul, anu disusun sangkan pertanyaan-pertanyaan anu ditanyakeun henteu méngpar tina objék anu ditalungtik. Dina prak-prakanna, pertanyaan-pertanyaan anu ditanyakeun téh mekar ngalegaan luyu jeung situasi wawancara. Éta poko-poko pertanyaan téh bisa katitén dina tabél di handap.

NÉNDÉN INTAN PRAMANIK, 2014.

INVÉNTARISASI PUISI MANTRA TATANÉN DI KACAMATAN CISITU KABUPATEN SUMEDANG PIKEUN BAHAN PANGAJARAN BASA JEUNG SASTRA SUNDA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Tabél 3.3 Daftar Pertanyaan dina Wawancara

Pertanyaan-pertanyaan Ngeunaan Puisi Mantra
1
<ol style="list-style-type: none"> 1. Téks mantra (Kumaha unina éta mantra sarta basa naon anu dipaké dina éta mantra?) 2. Tujuan (pikeun naon gunana éta mantra dipapatkeun?) 3. Tempat (di mana éta mantra dipapatkeunana?) 4. Waktu (iraha éta mantra dipapatkeunana?) 5. Alat jeung bahan (pakakas naon waé anu kudu aya dina waktu éta mantra dipapatkeun?) 6. Prak-prakanana (kumaha prak-prakan mapatkeun éta mantra?) 7. Pantrangan (naha aya pantranganana jeung sarat-sarat anu kudu ditedunan dina mapatkeun jeung ngawasa éta mantra?)

2) *Handphone*

Handphone digunakeun pikeun ngarékam data-data, caritaan atawa informasi lisan ngeunaan objék panalungtikan.

3) Kaméra

Kaméra digunakeun pikeun ngarékam jeung ngadokumentasikeun data-data nu sipatna dokumén dina wangun gambar jeung sajabana.

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan ngawengku dua tahapan, nya éta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik ngolah data.

3.6.1. Téhnik Ngumpulkeun Data

Luyu jeung métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan sarta pikeun ngahontal tujuan panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun dina ieu panalungtikan diwincik saperti ieu di handap.

1) Studi Pustaka

Téhnik studi pustaka digunakeun pikeun néangan bahan-bahan sarta tiori-tiori anu aya hubunganana jeung ieu panalungtikan, sarta dijadikeun dadasar atawa tatapakan dina ieu panalungtikan. Tiori anu dipaluruh dina ieu panalungtikan nya éta tiori ngeunaan puisi mantra, tatanén, jeung bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda.

2) Obsérvasi

Obsérvasi nya éta téhnik dimana panalungtik ilubiung langsung ka lapangan pikeun niténan sarta ngumpulkeun gejala subjék panalungtikan dina kaayaan sabenerna. Panalungtik niténan kaayaan langsung ngeunaan sagala hal anu patali jeung puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang.

3) Wawancara

Wawancara nya éta téhnik ngumpulkeun data anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data ti narasumber. Dina ieu panalungtikan, panalungtik ngawawancara sababaraha narasumber pikeun ngumpulkeun informasi ngeunaan puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang.

4) Studi dokuméntasi

Studi dokuméntasi digunakeun pikeun ngumpulkeun data anu mangrupa hal-hal atawa barang nu dianggap penting dina ieu panalungtikan.

3.6.2. Téhnik Ngolah Data

Téhnik ngolah data dina ieu panalungtikan ngaliwatan sababaraha léngkah nya éta:

- 1) ngumpulkeun informasi anu geus kacangking ngaliwatan studi pustaka, obsérvasi, wawancara jeung studi dokuméntasi;
- 2) nangtukeun klasifikasi data hasil panalungtikan dumasar kana téori nu disusun ku Rusyana;
- 3) ngadéskripskeun puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang; jeung

- 4) Nyusun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda tina hasil déskripsi data panalungtikan.

3.7 Léngkah-léngkah Panalungtikan

Léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan téh ngawengku tahap tatahar, tahap ngumpulkeun data, tahap ngolah data, jeung tahap nyusun laporan panalungtikan/nyusun skripsi.

1) Tahap Tatahar

Léngkah-léngkah dina tahap tatahar nya éta: (1) ngajukeun judul panalungtikan; (2) nyusun rarancang panalungtikan; (3) ngumpulkeun sumber-sumber jeung bahan kajian; (4) nangtukeun masalah jeung objék panalungtikan; (5) nyusun proposal panalungtikan; (6) nyieun surat ijin panalungtikan; jeung (7) konsultasi jeung dosén pembimbing.

2) Tahap Ngumpulkeun Data

Léngkah-léngkah dina tahap ngumpulkeun data nya éta: (1) studi pustaka pikeun ngumpulkeun téori sarta bahan anu patali jeung puisi mantra tatanén; (2) obsérvasi ka Kacamatan Cisitu pikeun niténan sagala hal anu patali jeung puisi mantra tatanén anu dipaké jeung kungsi dipaké di éta kacamatan; (3) wawancara ka para tokoh masarakat jeung sesepuh anu apal tur ngarti kana puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu; jeung (4) ngadokuméntasikeun kagiatan panalungtikan.

3) Tahap Ngolah Data

Léngkah-léngkah dina tahap ngolah data nya éta: (1) nangtukeun klasifikasi data hasil invéntarisasi puisi mantra tatanén dumasar kana téori nu disusun ku Rusyana; (2) ngadéskripsikeun puisi mantra tatanén di Kacamatan Cisitu Kabupatén Sumedang; jeung (3) nyusun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda tina hasil panalungtikan.

4) Tahap Nyusun Laporan Panalungtikan

Ieu tahap mangrupa tahap pamungkas dina ieu kagiatan panalungtikan. Sabada data hasil panalungtikan diolah nepi ka jadi informasi, satuluyna disusun ku cara ngadéskripsikeun sacara sistematis dina wangun skripsi.